EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.2 | SJIF = 8.165 www.in-academy.uz




# FROM THE HISTORY OF THE SPREAD OF ISLAM IN THE LOWER PART OF AMUDARYA

**Najimatdinov Karamatdin**
Master's student of Karakalpak State University
https://doi.org/10.5281/zenodo.11108524

**ARTICLE INFO**
Received: 24th April 2024
Accepted: 29th April 2024
Online: 30th April 2024
**KEYWORDS**
*Sufism, mosque, mikhrab, mezhani, minara, pakhsa, calendar house, madrasah.*

**ABSTRACT**
*This article talks about the introduction of Islam to the Turkic peoples who lived in the lower part of Amudarya. In this period, Sulayman Bakirghani, who worked tirelessly to spread the idea of Muslim etiquette and Sufism, as well as information about religious places of worship in Bograkhan city and its region.*

# ÁMIWDÁRYA TÓMENINDE ISLAM DINI TARALÍWÍ TARIYXÍNAN

**Najimatdinov Karamatdin**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.11108524

**ARTICLE INFO**
Received: 24th April 2024
Accepted: 29th April 2024
Online: 30th April 2024
**KEYWORDS**
*Sufizm, meshit, mixrab, qaraxaniy, minara, paxsa, kalenderxana, medrese.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada Ámiwdárya tómeninde jasaǵan túrkiy qáwimlerge islam dininiń kirip keliwi haqqında sóz boladı. Bul dáwirde musılman ádeptanıwı, sufizm ideyasın taratıwda teńsiz miynet etken Hákim ata Sulayman Baqırǵaniy haqqında da, sonday-aq, Bograxan qalasındaǵı hám usı aymaqtaǵı diniy ibadat orınları haqqında maǵlıwmatlar beriledi.*

VII-VIII ásirlerde Ámiwdárya tómenindegi túrkiy qáwimlerge islam dini kirip keldi. Musılman ádeptanıwı, sufizm ideyasın taratıwda Hákim ata Sulayman Baqırǵaniydıń roli úlken bolǵan.

Bograxan qalası 992-jılda Maveraunnaxrdı basıp alǵan qaraxaniylerden shıqqan Bograxan atına qoyılǵan. Bograxan Hákim ata Baqarǵaniydı húrmet etken hám Baqırǵaniy onıń qızına úylengen.

1998-2003-jıllardaǵı arxeologiyalıq ekspediciyalar barısında Bograxanda Topıraq-qala esteliginiń qorǵanıw diywalı, oraylıq kóshesi, xojalıq bólmeleri hám qala orayınan meshit ashıldı [1]. Bograxan esteliginde qalanıń juma meshiti, minara, mavzoley izleri tabıldı.

Topıraq qala esteliginde musılman qoyımshılıqları ushırasadı. Meshit qubla tárepindegi qorǵanıw diywalınıń ortańǵı tárepinde jaylasqan. Qubla diywalında mixrab (islam arxitekturasında musılmanlardıń júzin qublaǵa karatıp namaz oqıwı ushın arnalǵan diywaldaǵı tekshe) jaylasqan. Ol eden betinen 40 sm biyiklikte bolıp, Mixrabtıń eni 2 metr

tereńligi 0,8 metr. Bólmeniń ayırım jerlerinde 30x27, 30x28x4-5 sm pisken gerbishler tóselgen.

Meshitti bastırıwda ağash óreler astına qoyatuğın tas bazalar qollanğan, meshit diywalları taza topıraq ústine qurılğan. Qalalıq meshit eki dáwirdi óz ishine qamtıydı: tómengi qatlamğa tiyisli gúlal ıdıslar IX-XIII ásirdiń baslarına, al joqarğı qatlamnan alınğan materiallar XIII-ásirdiń aqırı XIV-ásirlerge tiyisli. Demek qala orayınan ashılğan meshit X-XIII ásir baslarında qala hám onıń átirapındağı elatlardıń oraylıq meshiti bolğan soń, XIII-ásir baslarında Shıngısxan tárepinen oyran etilip, XIII-ásirdiń aqırında qayta tiklengen [2].

Bograxanda meshit IX-X ásirlerde qurılıp, 1219-1221 jılları Shıngısxan tárepinen buzılğan. Biraq waqıttıń ótiwi menen meshit qayta tiklenip XV-ásirdiń aqırlarına shekem xalıqqa xızmet etken.

Meshitke jaqın jerde biyikligi 66 metr minara órilgen. Onı qurıw ushın úlken shuqırlıq qazılıp, ishi 3 metr qalıńlıqta dáryanıń espe qumı menen toltırılıp qattı etip naqlanğan.

Dáslepki minaranıń diametri 4,5 metr bolğan, XIII-ásirdiń basında tolıq qıyratılğan. XIII-ásirdiń aqırı XIV-ásirdiń baslarında sol minaranıń ústine jańadan kvadrat trapeciya formasındağı pisken gerbishten qayta islengen. Minaradan 10 metr arqa shığısta XIII-XIV-ásirge tiyisli qısqı meshittiń qaldığı tabıldı. Onıń kólemi 9x4,5 metr bolıp qubla diywalında mixrab jaylasqan meshit aldı sharbaq formasında bastırılğan bolıwı múmkin.

Minaradan 25 metr qublada “Bograxan“ mavzoleyi pisken gerbishlerden VII-IX ásirlerdegi mádeniy qatlamnıń ústine salınğan.

Sulayman Baqırğaniy (Hákim ata) 1122-jılı tuwılğan. Xoja Axmed Yassawiy medresesin pitkergen, Toqpaq ata, Zangi ata, Qoshqar ata qatarında Hákim atanı da Qubla Aral boyına jiberedi. Atanıń qábiri jaylasqan orın, sol dáslepki kelgen mákanı eken, jolda kiyatırıp irkilgen jerinde atanıń túyesiniń boydası qaladı. Ol jerdi keyin ala xalıq “buydalı“ dep ataydı. Túye kelip shókken jerde ózine qos qurıw ushın ata toğayğa baradı. Usı aymaqtıń xanı Buwraxannıń toğaydağı bajbanları xannan ruxsatsız nege keldińiz dep Hákim atağa qarsılıq kórsetpekshi boladı. Lekin dógerektegi ósip turğan ósimlikler tilge kirip, atanı qorğaydı. Bul hádiseni kórgen bajbanlar sol waqıtta xanğa jetkeredi. Buwraxan Hákim atanı qurı alaqan adam emesligin túsinip, onı ózine jaqınlastırıwdı oylaydı. Xan erjetip atırğan úsh qızınıń úlkenine Hákim atağa járdemles dep jumsaydı. Qız ılay islep otırğan Hákim atanıń qándegininiń shetine otırıp, xabarlaspastan qaytıp keledi. Ekinshi qızıda sonı tákirarlaydı.

Al úshinshi qızı bolsa keliwden ılay qándekke túsedi. Hákim ata xannıń kishi qızına - Ánwir (Akbar) anağa úylenip, onnan Asqar, Mamıt, Úbbi degen balaları boladı.

1863-jılı qońıratlı molla Ís’haq penen vengriyalı alım G.Vamberi Qońırattan shığıp, “Hákim ata“ mazarına barğan, zıyarat etken.

Sulayman Baqırğaniy qábiri ústine bir neshe ret, yağnıy XII-XIV hám XIX ásirlerde maxbaralar tiklenedi.

IX-XVII ásirlerde Aybúyir kóliniń jağasında Gurganj - Qońırat jolınıń shep jağasında Ay atada qısqı meshiti salınğan. “Ay ata“ qısqı meshiti shığıstan batısqa qaray salınıp esigi arqadan qoyılğan. Túslik tárepinde ekinshi qapı bolğan, qapılardıń eni jińishke biyikligi pás bir-birine jalğas eki tárepke qaray aylana órilgen gúmbez paqsalarınıń qalıńlığı 12-qatar biyiklikte saqlanğan. Ay-ata paxsaları tas taxtayshalardan, al gúmbezi 20x20x4 sm kólemindegi tas gerbishlerden órilgen. Gúmbezdiń paxsası tórt múyeshli usılda tiklengen.

Gúmbezdiń tómeni dóńgelek bolǵanı menen tóbesi súyip bolıp keledi. Meshit esiginiń mańlayshasınıń joqarısına paxsadan sırtqa shıǵarıp órilgen yarım dóńgele kórinis bar. Onıń eki ushı tómenge qaratılǵan.

Gúmbezdiń batıs qaptalında bir-biri menen qapı arqalı baylanısqan eki bólme bar. Bul bólmeler hám gúmbezdiń usı qaptalı 45x20x14 m kóleminde tas taxtayshalar menen órilgen. “Ay ata“ meshitiniń ulıwma kólemi 13x8 metr. Túslik bólme 3x3 metr, arqadaǵı bólme 3x2,5 m. Bunday kólemdegi bólmeler ásirese sırtqı hám ishki qapı orınlarınıń jińishke jáne pás bolıwı bul esteliktiń kárwan saray emesligin ańlatadı. Usı belgilerine qarap bul estelikti IX-XVII ásirlerdegi Xorezmde keńnen eń jayǵan dárwishler háreketi menen baylanıslı kalenderxana, sońınan iyshanlar otırǵan orın, meshit dep esaplaydı.

Qısqı meshit túsliginde 15 metrdey qashıqlıqta jazǵı meshit ornalasqan Onıń kólemi 9x9 metr. Bul meshit paxsasındaǵı úsh qatar bolıp kóringen kórinis qaraqalpaq kesteshiligindegi aq keste, qızıl kiymeshek, ǵarǵa tuyaq naǵısların esletedi [3].

Qorǵansha qalası (XII-XIII ásirler) qaraqalpaq xalqınıń “Qoblan“ dástanında Ámiwdáryanıń tómengi alabındaǵı Deshti-qıpshaq jerindegi áyyemgi hám iri qalalardıń biri retinde sóz etiledi. Qorǵansha qalası jergilikli xalıqlardıń hákimlik, qorǵanıw sawda diniy orayı bolıwı menen birge ónermentshilerdiń jasaytuǵın mákanı bolǵan.

Demek, Qońırat qalasınan belgili tariyxıy tulǵalar ósip shıqqan. Olardan, Sulayman Baqırǵaniy, 1122-1180-jıllar aralıǵında jasaǵan. Ol Xoja Axmed Yassawiydiń medresesinde bilim alıp, ustazınıń isin dawam etip túrkiy xalıqlar arasında sufizm táliymatın keńnen tarattı.

## References:


1. Туребеков М., Хакимниязов Ж., Утепбергенов Ф. Раскопки городище Бограхан// Археологические открытия Узбекистана-2000.- Самарканд, 2001. 34-б.
2. Hákimniyazov J.. Arxeologiyalıq esteliklerdegi sońǵı ashılıwlar// Erkin Qaraqalpaqstan. 1998. 30-noyabr
3. Манылов Ю.П. Средневековые хорезмские памятники восточного чинка// Древняя и средневековая культура юго-восточного Устюрта. – Ташкент, 1978. 54-б.